

Pembantoe sareng agen: Priangan koeolon M. Sahari - Bogor Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan M. G. Kartaatmadia Tjiamis. Djawa wetan: Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Dititik di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 sasib . . . . . f 1,50 Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31. Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA Redaktoer di Batawi SOERADIRADIA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE: 1/10 katja f 2,- 1/32 " f 1,25 Sakali moeat. Langganan langkoeng mirah.

Congres Pasoendan.

Openbare vergadering dinten Saptoe 26 December 1925.

Noe darongkap aja ± 300. Oetoesan-oetoesan araha, kaduga ti Parigi sareng Pamarentah, noe ngawakilkeun ka H. B. Ti H. B. saromping sami sareng dina 25 Dec. 1925 nja kitoe deui wawakil pamarentah. Ieu vergadering sadjaba ti diloeohan koe wean kern oge koe Kangdjeng Dalem Tasik.

Diboeika taboeh 9. Ngawitan noe madjeng Oet. Tjiandjoer, medarkenn kahojongna tina perkawis Spaarkas, noe baris dijebetkeun angke sahjekar dina Sip. Sadaja ting aronogkeun, tiur arimoet, netelakeun kapanoedoeanana kawa ieu perkawis.

Koemaha ten deuk panoeudjoe da sakitoe amboetoejoe: pantes piamisennana keur oerang.

Oetoesan Tasik satoetoesna Tjiandjoer, njarjoskeun bank desa. Dina waktoe ieu aja keneh gawena, ka bangsa leutik, dijadi teu panoeudjoe kana leungitna. Hidji pakarang keur maehan (ngahalangar) leutah darat bangsa oerang lain teu bisa ngareut miteun bae ajana dina kasoesahan teh, tapi oge koe koerang sandang panganna. Dina nangtoeun pidi bajaran ieu bank, oerah dipantes koemaha teu loeoeur bae, tapi si Leutik koedoe dibawa. Sanadjan rentenna gede teuing, Pamarentah ngintep bae. Koe timbangan oepama 2% saboealan modal matak tjesahkeun.

Saeutik teuing oge ieu renten teu hade, sabab perloe aja ongkos djeung pikeun madjoeana modal. Disoehoeunkeun ka Pamarentah, saepaja dina nangtoeun pidi bajaran dimaetkeun kaperloean si Leutik, djeung rentenna oelah leuwih 2% sataoen.

Bogor: Merangan leutah darat bang sa oerang satoea djeung merangau maneh, djadi ieu kirang sae. Dite-rangkeun koe Bogor nganggo roepi-roepi tjontoe.

Voorzitter: Sanadjan bangsa, oepama ngarocksak wadib dhalangan (diperangan).

Oetoesan Bogor ngalenggak. Tjiamis hojong, saepaja djalanana bank desa ditoeongkeun koe noe ti loeoeur, eta perloeana aja amtenar-amtenar; sareng babarengan didamel sareng noe ti handap teh langkoeng-langkoeng ti ajenna.

Tjiandjoer njeatkeun, jen bank de sa koe makena djalan ajenna lain noelangan, tapi ngaliepkeun ka noe leu tik. Djrg. H. Toha (toehoer): njarjoskeun, jen waktoe ieu kana kaentoeungan loemboeng desa noe modalna datang ti desa; Oge bank jessa, des sa mah biasana (ain salawasne) tara miloe miloe.

Koe kahayang ieu nentoeng teh perloe dipake (dibikeun) kana begrooting desa.

Voorstel Tasik ditampi. Basa Soenda di Osvia (voorstel Batawi).

Noe masihan katerangan Oet. Batawi, djr Soeradiradja T.E.A. Soeerna: Sajaktosna noe ngadabakeun ieu perkawis kedah djoer. H. B. pantena mah sanes koering pidjalmaeunana: Ta-Pasoendan hajang mere djalan saepi-paja aja robahan tina ieu perkawis. Naha jaktos perloe djoeragan B. B. asak pahamna kana basa Djoer. B. B. teh kapala (sirahna) oerang priboeimi, noe perloe koedoe djadi terang batina, sanoebarina noe aja dina awak sorangan. Moal aja kaberesan oepama sirah djeung awak pasaha maksode,

ieu ngaler itoe ngidoel. Ari ajana rassa djeung adat teh nja dina basa. Ka-ajaan pangadjaran basa ajenna teu mendjehna dipake. Hajang digedekeun pangadjaran basa, sing njoekeupan saperloena pikeun ngadjarkeun pagawean. Dina ngadjarkeunana perloe dibaroeng koe priboeimi noe terang jaktos tina basa.

Bogor risi cepama dipentingkeun Soenda, sienn pangadjaran noe leuwih perloe kaboelele.

Basa Walanda hargana dina djalan hiroep, leuwih gede batan Soenda.

Tjiandjoer: Pirakoe teu panoeudjoe kana voorstel Batavia. Namoeng kedah nepi ka koemaha basa Soenda di Osvia teh?

Batawi: "Kedoe aja pangadjaran noe nepi ka bisa ngahoedangeun rassa Basa."

Tjiandjoer: "Soemoehoe, he, hee" la'acenan.

Ieu voorstel koe vergadering ditampi. Njoeboenkeun patjeg tanah atoerana dina disaan (voorstel Tjiandjoer) koe vergadering ditampi. Pedaran djr. Tjiandjoer perkawis ieu baris aja dina Sip.

Tina perkawis Inlandsche verponding djr. Tasik nerangkeun, koemaha kabereutanana djeung kateadilanana Sanadjan karasa perloe oge majar belasting teh tapi oelah uepi kabeurat TEUING.

Geus ditjarjoskeun oge katcingana na, nepi ka ajenna tjan deubei lobahan.

Bogor sareng Tjiandjoer nambahan keterangan Tasik koe roepi-roepi tjontoe. Njoeboenkeun ka Pamarentah Inl. verponding ditjabet, atanapi dikirangan.

Voorzitter: "Nja eta atoech, ari dina politik koedoe kendoe oerang teh, ari telasting koedoe ngatjog!" (ting laliek, ting harahah noe goemoedjng) Langkoeng sae, samemeh ngadjarkeun ieu voorstel, ngantos ngantos heula poeoesan noe ti pajoen.

Vergadering moepakat.

Ferkawis C. O. I. L. (tara njoemponan roepi-roepi perdjangjianana) bade diroeroe dina vergaderingna bae.

Voorstel: Me ta ngahadranv epieger djeung verploegster ti a soeroepun adat djeung agama.

Batawi njarjos: Ieu perkawis sanes kadokteran. Noe dipedarkeun atoeran ngaroeroe noe maot di roemah sakit. Kahajung, noe maot koedoe dipoelesana, saperti koedoena, oelah tjara ajenna, nepi ka djiga teu aja oetamanana, ngoepamana kane maot. Diantara verpleger (verpleegster) koedoe aja noe njaho kana moelasarana majit. Praktikan di hospitala bade djeung di piloearan. Teu ngunah karasana koe noe ningal, lantaran soelaja djeung kabiasaan.

Ieu voorstel ditampi. Irrigatie di Tasikmalaja.

Tasik njarjoskeun kaperloeanana di ajana irrigatie werken di sfd. Tasik. Mang poeoech-poeoech rebos bae sa-wah anoe engkana tangtos majeng meunang tjana. Disoehoeunkeun saepaja ngalamel dam di Tjitandoej.

Ieu voorstel ditampi.

Kangdjeng Dalem Tasik madjeng kapajoen, mparian timbangan tina voorstelna-voorstelna noe parantos ka sebat di loeoeur. Babakoena: Bank desa, oepama nilik kana karipohan djelema noe ngudjeun perloe ajana teh. Dina palobah oentoeng atawa roegi eta tergantoeung ka djelema noe ngudjeun. Meresan pangadjaran basa lain di sakola menak bae tapi oge di sakola handap. Djaba ti eta, oge tata titi djeung adat perloe diadjar noe enja, oelah noeroetkeun tereng koeolon. Toengtoengna itoe teu njaho noe

oerang dilesoetkeun. Karaos koe ndjeuuna kabereutanana dina nerangkeun hidji perkara ka noe leutik. Basa Soenda djeung Walanda (noeroetkeun djaman) kabeh perloe.

Katjita andjeunna panoeudjoe kana perkara meresan kaajaan di hospital, noe djadi sesah teh moelasara noe maot koe besmetelijke ziekte, dina ieu kadjadian tangtos hese ngatoerna.

Saparantosna nganoehoeunkeun djr. Voorzitter ka Kangdjeng Dalem sareng ka soegri noe saromping, vergadering ditoeotep (taboeh 12,30)

Gambar basa tina Congres

Barang djol teh kana gedong bioscoop noe sakitoe langgongna breh bae rengrengan Hoofdbestuur anoe sakitoe laleutikna, siga boboknaan, beulah koeolon (katoehoeenu H. B) pihak pamarentah, beulah katjita H. B. (wotaneun) pers (Sip)

Djoer. O. Soehata noe mangkoe Congres djelema perdekededepe, ana sasaoeran ngaroetoejkeun saoe hese, tjoept-tjipi, tapi sajadi, moen aja noe lantjung njanggang, koe lega tar djeung lorjet oge geus erah-erah jen andjeunna, taja kapila, gampleng nepi ka oeleng, tanda djembar koeninga toer noe sakitoe anonna soeroep didjeun pataas Soenda djadjaka, poetra loeoehoer Gakoh, kajoengjoen kersa ngasoech noe keur diloeleh, abong keua toeroenan ngahoeueuk dajeh.

Gedengennana Djoer. Soeradiradja, Salira bajeohjoe pajoer djadi sesepoeh, majoengan anoe keur Bratajoeda, tjoeleuleuk seukeut paneuteup lambeun mantoe rek imoet, teu kap salah pok moen aja noe njarita tjatjag nangkaun, lapoeer djadi parab bala rea.

Reugreug pagenuh bade noe nenleu, kawas matjan noemogoe lawan, lamoen beunang koe koekoena lapoeer disasak.

Ana ret ka Voorzitter Tjabang Tasik Djoer. Ahmad Atmadja djadjaka Soenda ti kaler ahli gawe taja katjapa maksode aloes teu ka asoeh, koe basa noe loeoesa tjarios teuregeus, hari-weusweus, teu make sarining basa, gambar panjpta teu atra, sakapeung sok soelaja, atoech mindeng balik deui, batoer djenoech kahatoeran, sakitoe ge barang barangan (jejoehau).

Margi koe daekna! Ganti koe oetoesan Tjiandjoer, minangka bentangan Congres. Djoer. Odjoh teh heubul teu embol-embol njangsa Pasoendan ari ajenna bet teu kapalang pondenghol sadjantoeung tjaoe kosta. Tjaita make dadasar noe heunang tapa, eukeur pandjang tambah roebak, djero mah geus soemawonna, teu aja tambaleun pisan.

Nepi ka langka noe njawid, ana manggih bet principe, anoe lain robaheun dadakan, ditampa koe noe salantjar mah rea anoe salah paham atoech.

Sanadjan wedalan Tawang ngoembara keur di Tjiandjoer, djangkoeng loeoeur gele elmoe.

Pindah ka oetoesan Bogor, lebah Djoer. Ond-h leulens liat—ensi moenel geus katjukul ana ngedal sok pasalingingan, njoledat djeg noe salah, padahal lain lainna.

Dina kalboe djalma teohoe, teuas lir gaeu h kai, ana ngedal sok tembong sawareh.

Ari lebah Djoer. Moh. Enoch (Eto) bet djadi aloesna, wedalan Tjiandjoer, diteundeun sina djadi oeroesan ti Bogor, anoe kaseboet hedjo tjokor satjerewelena Soenda, teu manggih njen-toeing katboe, noe heuras gentak

dilesos saeras noe leulens liat, sa-katjap "Mit" (Moesakatoel Ichwan Letak pasar) kentel henteu, entjer henteu.

Ngagimbleng oeleng noe ngoeping Moen parang na toetoendoeuna jasa ngalahegar manah, kono dina njieun tableau bari noondjau Tjabang rewak pada njarandak.

Ninggang di oetoesan Bandoeng Djoer. Soehjono, leutik mahi, djangkoeng henteu peudek henteu, tjapatang paham tjaita loengsoer langsar binangkic henteu berewit.

Indit djeg noe ngiring II. Bestuur. II. Bestuur dibantoe deui koe Djoer. K. Pradjukoesoemah. Ajem djedjem, ten rea paroliah. Ana sasaoeran, matak patri.

Tjiamis oegi lebah Djoer. M. G. K. nelah djoer. Pikiraneeun, singkarah Soenda Siliwangi mahi, tara roesoch rintjoeg, ngilik hari ngeusi, djga "kaom sana" tapi orang suui. Gahh Boedjong Galoeh, Poetra Pamalajan.

Ti Batawi—henteu kari, djaoeh djaoeh tjoeudoek, dedegan tara oenggoet kalihdoean Godeg kaanginan II toean Pasoendan ngadeg II taoen Djoer. Iskandar Brata aja.

Ngatik ti leuleutik, mikaheman ti boeoeak ka Nji Soendani teh.

Oetoesan Garoet Djoer. Sastrapawira. Presiden mantoe Tjabang Pasoendan Tasik, delegean tara eleh koe atah-atah gambar loes paningal—jasa lolondokan taja boedi tjetri estoe ekonom di groote stijl asa dedegan toean besar Van Limburg Stirum—Satria Soenda.

Agael.

Pamarentah djeung Pergerakan.

Oerang geus teu koedoe njaritakeun deui noon djeung koemaha kakawasaanana Pamarentah, sabab sarerea oge geus pada njaho.

Pamarentah boga kawadajiban ngadjaga kahardjan nagara, saepaja oelah aja ka tjadian anoe koerang hade.

Dina djaman ajenna pergerakna sakitoe poharana, di sakoeleah tanah Hindia kawas moal aja hidji tempat, anoe teu aja pergerakna politik, kome deui moenggoe-hing di nagara anoe galode mah, geus lain tjaritakeunenn.

Tangtos sarerea oge pada terang, koemaha taladjakna djeung koemaha prak-prakanana Pamarentah njanghareup kana roepa-roepa pergerakna politik teh, sabab sakitoe broeh-breha tedja, aja kieu tea, aja kitoe tea.

Tapi aneh ari pergerakna bet anger keneh bae ajana teh. Naha atoech djalma teh mana resep-resep teuing kana politik teh!

Tjing noon sababna? Ajeuna oerang papaj ti girangna bae, ambeh rada tetela, malak mandar meneran, tapi tangtos rea soelajana djeung pamanggeh batoer parandone kitoe nja oerang tjaba-tjaba bae bereudelkeun.

Bangsa oerang teh geus ngadjanman sababaraha alam.

Alam Oost Ind. Company, kapan geuning kitoe tjaritana.

Alam Cultuursteisel kapan kitoe geuning dongengna.

Oerang boeroe gantjagna bae, anoe geus kadjamanan soe oerang aj-una da kapan anoe oemoerna koerang leuwih geus 30 taoen mah, tangoe pada bisa ngarasakeun.

Oerang sarerea geus ngarasa hiroep dina djaman moerah sandang moerah pangkan, djaman kira-kira 20 taoen ka toekang, oge deoit lima ketip bisa menli bedjoe, koe deoit satalen bisa ngedjo, tjoekeop djeung anak pima-

Ti pipir hawoe

Kelentroeng! kelentroeng! tjauk kohlol desa.

Meureun koempoolan! Marhaen ngarahoech kawas noe tjape. Gogdeg, beungout tjendeum; da meureun njaho, moen kahayang kohlol. Ari baha emboeng. Apa boien boeat rek waleh bae ka djoeragan koewoe, da dalah dikoemaha teu atjan aja. Lenghoj indit . . . . .

Geus karoempool Marhaen. Marhaen, tjelengkeung djrg. Koewoe leseng ngalesengkeun kawadajiban noe djadi somah. Pang nomer-nomerua wadjab . . . . . majar padjeg.

Sarta dipentes koedoe geuwat-geuwat impus. Nangan-nangankeun maneh ki Marhaen. Tjroeng-tjroeng malajar. Doeka beunang ngidjeum ti bang desa, doeka beunang naon: Sawareh waleh njoehoenkeun tempo.

"Eum. koemaha silang mah. ngan tempo djeung tempo bae. Geus lila teuing! Hajoh ka-toe ka toekang; mikir!"

Tina emboeng baha tea, teu ngarti ngarti oge koedoe mikir di toekang, toekangeun toemi djrg. Koewoe leos bae indit.

Keretjek! keretjek! tjreng! tjreng! Marhaen rantjoeng tjulina, ngadenge sera noe dipikatoetech. Lol nempo ti panto . . . . .

Ari singhareng embok koewoe keur pahibcet ngaladenan noe ngarindjeum deoit. Renten biasa meureun 30 atawa 40% . . . . . saboealan.

"Emh." tjauk Marhaen djero hatena "bari oenggoet oenggoetan" kaha ajenna mah parentah djrg. Koe teh. Paingan koedoe mikir di toe Ieu singhareng."

Lantaran bingoeung teu sabab teu bisa, maloeun noe kasoesah, nja ora lian . . . . . deui djoe deui. Marh . . . . .

Embok sakitoe poeoech centoeanganana, djrg. Koe . . . . . peogoech natrat 8 pbesen.

Nintjak parahoe deui, lain? Ari Marhaen?

Deudeuh Marhaen!

Djrg. djrg. doenoengan Leraah, ieu teh dongeng boehoe. Ditjarjoskeun soteh minangka Curio-siteitshalve bae, barang antiek. Aneh kapan ari kabehneulan mah. Bilih bade ngilari noe aneh kitoe di tjepungan andjeun, soegan aja, teundoeun di gedong djimat.

Deudeuh Marhaen!

GELENJOE.

djikan. Koe sabab kaajaan anoe saroepe kitoe, bangsa oerang teh tibra, teu aja meeting, teu aja protest, soemawonna migok mah tjana hawar-hawar atjan.

Beuki dieu djaman beuki roebak; bangsa oerang beuki bisa ngarasakeun, ahli mikir beuki ngarti, toeroeg-toeroeg kaperloean ngarti beuki rea tae.

Tina kitoeuna nepi ka rea bangsa oerang, anoe ngarasa boga kawadajiban pikeun ngangkat daradaj bangsaana anoe sakitoe nistana, antoeuna tepi ka boga angkeuh hajang ngoedeg kamerdikaan lemah tjaina.

Noeroetkeun djalan ieu mah, tetela pisan pangna bangsa oerang rea noe nintjak djalan politik teh, lantaran goroengna kaperloean hiroep (economic), koe sabab eta economic djeung politik moal bisa pepegatan.

Pergerakna di lemah tjai oerang ngora keneh pisan, moen teu salah koerang leuwih kakara 15 taoen nepi



ting harowit, kandektoerna ting tjarelock, noe taroempak ting garoepaj ah loetje ten aja babandinganana, Sapalih mah, koe tina heureunja, sili tenggor koe tjangkang boeah. Dina waktos harita mah sok soemawonna baroedak, kolot oge lakoe lampahna sapertos baroedak, ngiring heureun.

Dina kareta Ekspres S. S. Tjikampek-Cheribon pagawa restauratie sanasakali teu katingal-tingal, djalaran teu aja djalan, pinoh koe djelema noe narangtoeng. Moeng dina kareta S. C. S. mah pagawa restauratie teh manni ting saroroewoek ka toekang ka hareup, nawarkeun daganganana. Elii elid "T. C." sadajana oggal bae moerak toetoeangan batoen ti Bandoeng sarta teras bestellan leuteu-nana. Atoeh eukeur mah lapar, ana prak mendak katoeangan noe sakitoe raosna. Ah! toeng noe sakitoe raosna sareng nimatua hese noangan bangsa.

Sabadana barang teda, rentjang-rentjang ting ketjewis ngarioskeun sapa-mendakna sapa-mendakna. Aja noe ngarioskeun tina hal agana, aja noe ngarioskeun tina hal kamadjean djaman, sareng seueur deui.

Djalan kareta S. C. S. mah saterasna ngarendeng sareng djalan gele. noe koring ngadamel toean Dandela, Gouverneur Generaal Poelo Djawa, djaman bahenla, noe ngawitan ti Anjer-deegi ka Banjoewangi. Di djalan gele ting soelwer mobil-mobil, kahar kahar sareng roda-rada, djelema djelema noe badarat pon kitoe deui.

Dina kai ting raroeang djami noe naranggoeng, ngadon ngiochan. Sawah sawah sareng tegalan, baramiah-baramiah doemogi oepami oerang leumpang, tinangtos tiasa laboeh, soekoe ujelep kana taneuh beulah.

Kuring langkoeng taboeh saloe, kareta ka Tegal geus datang. Station Tegal teu kinten ageungna Kantor Controlena S. C. S. nja ajana di Tegal. Tina kareta oge gedongna katingal teu kinten ageungna. Di station riboet noe nalawarkeun teledaun, moeng teu kinten arawisna. Koe kitoe tea mah teu kedah heran, maloen oesoem katiga. Noe tortoan tina kareta koring di sebatkeun seueur, moeng babakoena oerang Tjina, nja eta noe ngadon balandja batikan, djalaran Tegal teh hiji tempat noe ngagodekeun kana njeun batik Noe masoer ka tauah Priangan bibidjilan

nagara Tegal, nja eta tarasi. Geura djoeragan-djoeragan istri langkoeng oeninga tina hal ieu. Koe lantaran halodo sakitoe bangetna, kawoewoeh nagara Tegal prantos ti tadina hawana panas, seueur sakola-sakola noe ditaroetoepp. Handjakal pisan, stoeh baroedak dialadjarana teh goutot!!! Aja samboenganana.

**TOKO**  
**Universeel Agentschap**  
**NIC MULLER**  
**TASIKMALAJA**  
**Coenoengladoe No. 15**  
**Telefoon No. 26.**

Roepi roepi oebar oebaran sapertos:  
Landong njeri boel  
Landong soepatos tiasa koelem  
Pil koeras manis  
Landong panas anggoeun moerangkalih  
Landong intjok  
Saboen anggoeun kasawat koelit  
Landong noe lembek salira soepatos djagdjang

Landong gohgoj sareng mengi  
Zulep boelao koneng sareng bodas  
Koumpa pinareup  
Wedak roepi roepi  
Pel njenjean  
Landong njeri kahampangan  
Castor olie noe diboeingkes  
Creoline, Karbol  
Koumpa istri  
Landong njeri beuteung tadjam  
Oebar kokoloteun  
Landong atjeng  
Kain karet No. 1.  
Landong kiit ka . . . ?  
Landong kakiatan moerangkalih soepatos montok

Limoen pergasi  
Landong parauti moeragkeun boeloe kelek

Oebar rahent  
Oebar paranti dikoeramas  
Oebar loembila  
Landong kakiatan salira  
Perban perbauan. kapas sareng seueur seueur deui.

Awas! Tjelep badjoe ateuapi kain kain roepi roepi warni.  
Model, moerah, aloes.  
Mangga lebet ka toko.

Noe ngantos  
**Nic Muller.**

# ANGGOEUN CURSUS

Partikoelir **BASA WALANDA.**

WALANDA-SOENDA (Leerboek, Voorbeeldenboek en Woordenboek), nja eta boekoe pangadjaran basa Walanda, diterangkouu koe basa Soenda. Pangaos 3 djilid f 3,— Ongkos parangko f 0,40. Rembours f 0,65  
BELANDA-MALAJOE, 1 djilid tamat, pangadjaran basa Belanda diterangkouu dengan basa Malajoe. f 1,50. Ongkos parangko f 0,35 Rembours f 0,60.

Oepami ngagaleuh seueur kecing potongan.

**TOKO BOEKOE**  
**L. A. LEZER**  
Tasikmalaja.

## TOKO BOEKOE

### M. I. PRAWIRA WINATA.

Katja-Katja WETAN 132. BANDOENG.

#### BASA SOENDA.

Waw. Rangga Woeleng . . . . .	f 1,50	Goedang goemoedjeng . . . . .	f 0,75
" Danoemaja I - II . . . . .	" 1,50	Bodor triwangsa . . . . .	" 0,50
" Roeliah noe kasep . . . . .	" 1,20	Pabrik seurt . . . . .	" 0,80
" Torndjoeng Woelan . . . . .	" 0,75	Bale Bandoeng . . . . .	" 0,50
" Euden Sari Banon . . . . .	" 1,—	Loeloection djoeng abah . . . . .	" 0,25
" Euden Joeie . . . . .	" 0,75	Geloeng Bandoeng . . . . .	" 0,25
" Soekma Sadiati . . . . .	" 0,90	Eulis Atjih I-II-III . . . . .	" 1,25
" Ardiena Widjaja . . . . .	" 1,—	Toedjoean oerang Hiroep . . . . .	" 0,30
" Doeriat noe teu pegat . . . . .	" 0,65	Sadjarah K. N. Mochamad . . . . .	" 0,60
" Nabi Paras . . . . .	" 0,50	Babad Pasendan . . . . .	" 1,10
" Samaoen (alakan Arab) . . . . .	" 0,45	Hegar manah . . . . .	" 0,20
" Pangeran Soemedang . . . . .	" 0,75	Tjarita Snubad . . . . .	" 0,25
" Kerneng Pati . . . . .	" 0,15	Tjampakawarna . . . . .	" 0,25
" Mochamad Hasan . . . . .	" 0,20	Tjarita si Kate . . . . .	" 0,25
" Sundjaja . . . . .	" 0,20	Doea boedak sakola . . . . .	" 0,40
" Wot Sirotol Moestakim . . . . .	" 0,75	Pamingpin pangadilan . . . . .	" 1,50

Volksalmanak 1926 Soenda-Melajoe, Djawa . . . . . f 1,80

Almanak 1926 Buning Melajoe Djawa . . . . . f 1,—

Teu atjan ongkos ngintoenkeun. Prijscourant poendoet bae.

#### TWEEDEHANDSCH BOEKEN.

Sajati ± 100.000 boekoe-boekoe tweedehandsch basar: Walanda, Inggris, Fransch sareng Duitsch. Pangaosna rata-ratana kirang tina satengahna pangaos wenteuhan. Manga poendoet boekoe naon bae.

## TAN HOEN AUW

Toekang pasang gigi sareng panon palseo ti Bandoeng ajena di Pasarbaroe Tasikmalaja.

Adres anoe milih padamelan ditanggul sae.  
Dina katoeangan-katoeangan anoe ramos sok sering ngadantenkeun roe oeran salah-jenana kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui ngarioskeun sakomaha kateurasanana anoe kasawat waos, anoe-mawit kedah didjaja ti sanemehna.  
A'ena sim koering ngajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjeun kasawat salamina waos sehat berseka, tiasa oedjari koe landong sim koering.  
Para Istri ditoeosna koe njonja. Manga saroemping.

Horvat noe ngantos ngantos  
**TAN HOEN AUW**  
Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.

## SOERAT-SOERAT POEDIJIAN BOEAT TOKO OBAT

HINDOESTAN  
TASIKMALAJA.

### VERKLARING.

Anoe nanda tangan di handap ieu R. H. Achmad Cartotie di Tjitapen Tasikmalaja. Nerangkeun kamandjoeranana oebar ti Toko F.zal Mohamad di Tasikmalaja. Anoe geus ditjaba koe sim koering babakoena tina perkara oebar panjakit Ambej. Ieu panjakit moerotkeun kasjikian bangsa Tabib jen koedoe dibelek (operatie) Tapi sanggeusna sim koering dioebaran koe ti Toko Obat Hindoestan noe ka seboedi loehoer, bisa tjageur teu dibelek deui.

Djadi kasanggoepanana eta obat noe geus disebarkeun di soerat kabar estoe benerna, toer ongkosna moerah pisan, lamoen dibandingkeun djeung baungana panjakit.

Tanda tangan noe kaseboet di loehoer  
**H. A. Cartotie.**

Jang lain dari itoe ada banjak jang kasih poedjian saperti:

- Dati: Toean Buirger Noesa Kambangan Tjitjatap
- Toean Moh. Bawahir Tjitjatap.
- Hadji Abdoel Hamid Tjitjatap.
- Toean J. A. Tan Djokjakarta.
- Toean Basiroean Delangoe Djokja.
- M. Prawiro Djokja Toegoe.
- M. Soekantapradja Kalangari Tasikmalaja.
- R. Wiria Manondjaja. Toean M. I. Pieters Kotoardjo.
- M. Soma Tjigedoeg Garoet.

## SIAPA MAOE DJADI ORANG JANG PANDAI?

Soeroehlah toean poenja anak, atau bagi toean sendiri, tocat belajar balinggris dan BELANDA soepaja bisa membuka segala pintu-pintu pe-an.  
Siri-malah moelai tai hari wang f 0,50 boeat satoe boelan, atau f 1,50 tiap-tiap kwartaal (jadi abonce) pada adres jang teresebet dibawah ieu.  
toean-toean raban boelan aken menerima DOEA kali boekoe jang ME-DE berisi pelajaran dari DOEA bahasa Melajoe dan memakali gramatica (asastriandja) djoera.  
Moelai kolekar pelajaran itoe nanti tanggal 2 Januari j. a. d. tai 1926.  
Pangarang (goeroe-jaja) ada keloeran dari sakalah lunggu semoea.  
Semoea abonne baroe memberikan adres tempat tinggalaja jang terang.

**BUREAU „ONTWIKKELING“**  
**BANDOENG.**

## SIK DJOEN KWAN

TOFKANG GIGI

Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doemja palaj hi-roep senang sareng kasehatan, dina barang toeng kapalaj teh anoe parelem anoe raras bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoe anoe di toeng eta sajaktosna nambihan celam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendok ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu ditoeleung koe ahlina (dokterna) moel tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poeing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeng sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moel tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang celam.

Ajouna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggul.

Nja kitoe deui ngajagikeun waos palseo, poslen, toelang, k, emes saniskanteun aja. Ngaratakeun waos ngaheresihan ngagilapkeun soepatos herang sapertos kilat latit, koe dieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Ngajagikeun deui panon palseo, oelah salimpang.  
Lagan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta

Anoe ngantos pesenan a saroempingna'  
**SIK DJOEN KWAN**  
Sarimbit.

Meng  
pisan ah  
bank nagara,  
sa kajaat loem

**SINOM.** ng  
1. Marahmaj tjahja gobig medal tina ati soeti, bangan noe tanpa wilangalag diandeng mo mangelih tai hant postih beresh, njoeroep kana soengsoem ba tjakrak saloeur awak ngantuk di ati djasmani, palibasa batam dina kama  
2. Ngoe-ping pawarta, sidik hano lepat deui, ti eengal Tjabaeng Postoeng be-staurna soemping ka awis toef-lie-tum kitoe deui koe ti Bandoeng moengpoeloma-ear ngadadar pandar, ngi pagan isag paguding-gid, awi gadang ginding koe b'vusna,  
3. Eusina keur sa-tain keur Soenda pribadi moeng asa tjahjen bau tetenger Soenda pitoeu C" nja natrat kabelekti, Soenda basana teh tjoekeop, teu ngoejang teu g-oeoerang, manis sanes kenging ugenis, leuieus liat ngalot teu djeung basiat.  
4. Pamendak sareng sawala, sanni pada titih rintih, timlakna jatra djatuka, kating koe beedi manis, manis tih rasyati, jasa ngomah-ngomah batoer, teu aja soengal ganthal, teu baliwet boelat-beulit, ngembang oled, tetela ada  
5. Tangtos aja hidji doea, noe matak njeutoeg panggalih, dina peta sareng basa, atanapi dina boedi, djiga noe ieu aing. oagjen noe loehoer anggo eta mah enggeus jahar, geuning saer para alim, di doemja mah teja barang pererna.  
6. Kewes pantes toer pra menggal bistir Tjabang Tasik katingal ti kaangangan, Cakah-tjikin, kaprut-kiprit, permisi kapaelisi, njar boemi geusan tamog geus poegoh di boemini-ditetebeh direresik, a moel boa bangreung, be-wirang.  
7. Kariweuhan He'Ala teu bisa ngabibisani, dia-dioedjanaan poerestelarka nampi ti maui ti moudah diwintjik hidji hidji, disoesoen henteu paselook, dipasing di sawang-sawang, dasar berboedi binangkit, dawang loedeung, laudang gandang, rpa loeang.  
8. Mahi paningal panijpta, ka para djoeragan bistir, arangkat roeroesoehan, paket dikosok didjingdjing, sakoena marereki, pinoh koe elmoes panemoes,

b. Dina hareupeun kamar paranti mariksa lalaki, ngan aja 2 korsi djeung 1 bangkoe anoe panyajangan kira-kira 2 M. ari anoe meuta di periksa, biasana lalaki mah sok leuwih rea ti batan awewe, atoh anoe meunang tempat dioek teh, ngan oekoer 6 djelema, ari anoe meunang mah anoe reana doea atawa tiloe poeloh djelema, nja kapaksa narangtoeng bae, tapi ari geus tjangkeul tjangkeul teuing mah, nja kapaksa oge koedoe sarila dina oelin, kawas sakitan di Kawadanan, geus teu ngingetkeun kotor atawa tiis ti batan matak singsirameun soekoe mah, moenggehing anoe panjakitna dina soekoe mah, geus teu antaparali deui silana teh.

c. Hanyakal pisan, dina toekangeun panto kamar paranti mariksa lalaki, teu make pipinding (scherm). Sarerea oge terang, dipariksa koe docter teh, sok meeka badjo, malah sakapeung mah nepi ka satarandjang. Lamun kabeneran kour mariksa, pantona meeka (diboek), atoh anoe keur dipariksa teh temoong ti loear, da teu make pipinding tea, lebah dieu teu bisa njaritakou anoe leuwih pandjang, lantaran era parada.

d. Dina mariksa anoe gering teh, biasana dikedongkeun (ditangkarak-keul), ieu oge nja kitoe pisau, di dinja disadiakeun 1 medja anoe loehorna kira-kira 1 1/2 M. roebakna 1 M. djeung pandjangan 2 M. tah anoe dipariksa teh, sira ngedong di dinja, ieu teh oelah bon kasoer atawa sepre tea, teu make samak-samak atjan. Moenggehing anoe lintoeh mah, nja rada hipoe oge meusan, boeboehan kagandjel koe dagaingna sorangan, tapi orokaja di lebah anoe koeroe mah, nja dak-dik-dek njeri oge anoe karasa, toeroeg-toeroeg kapam keur gering.

e. Dina paprosian (patarosan-patarosan) ti Djoeragan Verpieger ka anoe meuta ditambah tea, koe kahayang teh oelah goewang-gewong poporongos teuing, tjing sing rada leueus meusan, da kapan njarita djeung anoe gering, da moal hade, ari koedoe ngabangkit mah, jen anoe djadi kabiropanana teh, asalna tina roepa-roepa belasting anoe dipoengot ti somah, nja eta sabagian somah anoe meuta ditambah koe Roemah-sakit Gemeente tea.

Gede kapertjaan djeung gede pangharepan, melak mandar Raden Otto Koesoema Soebrata lid Gemeente-Raad Bandoeng, tiasa sareng kersa ngabeheres perkara anoe diseboet tadi di loehoer, dina perlona ngadaderkeun dina Gemeente-Raad vergadering, soepaja oelah matak toegenah ka anoe djadi somah, tina perkara anoe leutik pisan, anoe moal matak ngarogikeun ka Gemeente.

**Noe gering.**

Bandoeng, posttjap.

**Loterij kaperloean Schoolfonds „Pasoendan” Tasikmalaja.**

Koe margi bungkos ngadegkeun sakola kirang, noe djadi bestuur teu kirang-kirang ngilari djalana soepados eta kakirangan katjoempunan. Nja ladjung rekas ka noe wadjan njoehoek-keun wili ngajakeun lotre barang-barang ageungna f 1000 dibagi djadi 1000 lot sacoepeian. Ajeuna bisioeit idinana parantos katampi sareng lotna parantos ngawitan di tjal. Kadjeun teuing oentoengna tina ieu loterij saeutik, nanging nja ari beres h loemajan saeutik saeutik oge kipiit, ngan djadi pirang-pirang eutik.

1e. Prijsna kareta mesin koemplit gaos f 125. 2e prijs orlodji emas, gaos f 50 sareng roepi-roepi deui dajana aja 45 prijsan pangaos f 500.

Ka sadaja para kantja boh sepreh moerid, boh lid Pasoendan, boh noe sanes deui njoehoek-keun pangrodj-keun soepados kersa ngagaleuh lot-lot tea.

Ka sadaja Bestuur Tjabang Pasoendan disoehoek-keun kersa madjengkeun ieu lot. Sakedep deui bade dikintoen ka sadaja Bestuur Tjabang. Noehoer oepami Bestuur Tjabang kersa masihan wartos sabaraha seueurna lot noe kedah dikintoen ka oenggal-oenggal tjabang.

Teu bade ngabohong, seueur keneh pisan lot noe teu atjan pandjung, koe margi eta beuki seueur oenggal-oenggal tjabang kersa madjengkeun tangtos bae langkoeng enggal eta lotre

tiasa ditarik. Doepi ditarikna ten keuning lat ti kaping 17 Maart 1926.

Mangga enggal lot Loterij Pasoendan garaleuhun di Toko Pasoendan Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Bestuur Pasoendan  
Tasikmalaja

**Angin topan di Garoet.**

Manawi diantara para Djoeragan Aborne „Sipatahoenan” seueur oge anoe parantos ngaroes dina soerat kabar A. I. D., jen dina dinten Djoemaah ping 25 JI. sabagian kotta Garoet (gedong-gedong, toko-toko, goedang-goedang tutangkalan enz. enz.) parantos disorang koe angin ageung (angin topan) anoe tangtos ngadjadi-keun kareksakan ageung pisan. Moeng bae, bilih aja keneh anoe teu atjan aroeninga, ieu aj-una koe dji-sim koering bade didadar dihandap ijeu; soegii anoe parantos reksak dina dinten Djoemaah tea.

Pasosonten kinten-kinten taboeh 4 a 5 dina dinten eta, langit meded katingalna moenggoeh powek, mendoeng tjeuleum koe pihodjaneun, estoe noengtoen ketir pisan kana hate tjampoer keneung anoe taja bandingna, kawas emoctan dji-sim koering mah, nja harita, bakal kija-mat teh. Barang kinten satengah ge- nep, kakoeuing koe dji-sim koering sora ngagoroeh ti katebihan, ti-gbo-robot, tingbalaetok, silalatoe boer ber ka loehoer, kawas aja anoe kahoeroe wan bae, tingkalalajang halaliber, ka-bawa koe angin tea. Teu sakoemaha antawisna, ger boedjan angin anoe katjida ageungna, disawoer koe sora tingborobot. Djaudela-djaudela di rompok, sadajana ampir teu kenging dipeudeutkeun, tina rosana disorang koe tanaga angin, malah di sawareh rompok mah aja doea tiloe panto sareng djandela, anoe harita dipetjat-keun tina enseina, ngatjeng kabawa koe angin ka loear. Djelema-djelema gawena babatjaan sareng adau, tina paer ningal ageung angin.

Lamina eta hoedjan angin, kinten-kinten aja satengah djan langkoeng. Barang parantos raat, angin lilir deui sabiasa, sim koering teras ngalautoeng kadjalan gede, hajang terang kadjadi-ana. Koe emoctan tangtos aja imah anoe roentoech atanapi tangkal anoe roengkad. Na, barang doegi teh ka djalana, jaktos bae sakoemaha doegaan dji-sim koering teh seueur anoe kadjadi-an.

Gedong-gedong Toko-toko Tjina imah imah kampoeng, hateupna (keutengna) ledog sadajana, katinggalna kanteun oreng bae sareng oesok, kentengna ampir sadajana ngaleled ka sisi. Kawat telepon poelohan anoe paregat katinggang dahan tjaringin anoe saremplak, tangkal tjamara hareupeu H. I. S. roengkad tiloe, tjaringin di Landraad pareunggas dahanna. Djoer-war di Hotel Papandajan, roengkad, teras ngahalangan ka djalana gede. Toko-toko Tjina, baiotjor, tjai moeng-gah ngoetjoer asoepna ka djero toko. Goedang minjak (B. P. M.) boeroendoel, sengna sadajana dikakat koe angin, kawat listrik reksak paregat. Komo „Kapatihan” mah, tjek babasan taja hidji tempat anoe henteu iris di djero boemi teh, tjai dite-ngah boemi ngoempiang tjara balong bae. Korsi-korsi paberantak, katil al- ketip enz. enz. sadaja ribeg koe tjai. Pisakoemahaen bae Pangawoelan Patih baloeaseun manuhna, rehna wak toe kadjadi-an saktieu riboetna teh, andjennua mah noedjoes saweng, ang- kat ka Bandoeng sareng garwana. Noe kanteun di boemi, moeng poetra- na tiloe masih keneh aralit, sareng reutjang-rentjang. Matak hawatos pi- san, eta moerangkali sareng rentjang sadajana njarompot di balik panto tina risi katinggang koe kenteng, anoe tingbelewer lebet ka djero boe- mi. Eh hawatos teuing, djeung teu aja iboe ramana deui. Ajeuna mang- ga oerang ladjungkeun deui. Di ka- oem aja hidji rompok anoe sama sali dipindahkeun tina tempat asalna tadi, wates doea langkah, Saena bae teu koesa kieu, woengkoel pindah bae. Sok tada teuing, djelema anoe ageusian eta rompok ruwasna, pangintan asa koemaha bae. Aja deui noe aneh teh, ieu. Waktos angin ri- boet kadjadi-an, kaleresan ti hareu- peun Hotel Merdika aja hidji toekang roti, anoe keur senang ngaladangan noe barang beuli, ieu mah doeka koemaha, barang disorang koe angin teh, oedjoeg oedjoeg dioes bae nga-

poeng kinten loehoer 1 1/2 toembak, teras ngalajang tjara Galotgatja, rag rag soteh parantos tebih kira wates 4 a 5 toemak anggungna, njangsang kana soehoenan dapoer Toko Tjina. Atoh teu woedoe manuhna teh doegi ka kelenger sugala djabi soe koena sareng leungonna daronglak, (ieu wartos sanes bedja, dji-simna pribados noe djuengein ka dji-sim koering).

Tah saktieu kariboetan di Garoet dina dinten Djoemaah teh. Sapan- tos hoedjan raat, atoh teu woedoe riboet koe noe digarawe, Soegri pada mel Gouvernment sadajana teu aja reureubna, pagawe pagawe Gewest uowaran dahan-dahan kakajaan anoe ngalondjor, ngahalangan djaan. Per- soneel Kautoor Telepon tjooht-tjih nga lereskeun kawat-kawat anoe paregat. Doewa dinten ti saentas aja angin topan mah di Garoet teh masih ke- neh bae riboet koe noe digarawe, sa- wareh ngajoeman hateupna sareng roepi-roepi sadjati ti eta anoe ma- sih awet taja deui, djabi ti boja (tjarita) doegi ka ajeuna teh masih keneh bae djadi pagoneman djelema- djelema dina roengan.

Moegi moegi kapajoen mah angin noe kitoe teh oelah dongkap deui, geuning katjida ngareksakna, djabi ti lapoer kenteng teh, aja deui njaeta ageungna pisau mah, BALOEAS.

Toetas pangapoentoe-  
Verslaggever  
Aborne „Sipatahoenan” No.  
A. S.  
Garoet. postmerk.

**Serat kintoenan.**

Kahatoer  
pilenggh Djoeragan Somahardja  
di B O G O R.  
Kalajan hormat.

Dji-sim koering parantos ningal se- ratan Djoeragan dina Sipatahoenan No. 27 anoe alamatna Paugdjaring. Doepi kahartosna koe dji-sim koering mah Djoeragan teh mangjerikeun sareng maraenja ka dji-sim koering, doemeh dina Sipatahoenan No. 26 aja seratan anoe alamatna Ngobrol, dina eta seratan njabit-njabit kana ngaran dji-sim koering. Kanteunan perkawis eta anoe mawi Djoeragan doegi ka njerat dina Sipatahoenan No. 27 teh. Noehoer uoebun Djoeragan jaktos kedah kitoe sareng kantja sahwan mah, oerang teh kedah sakanjeri sakapeurh, silih belaan sadjeoning hiroep koemboeh, kono deui ieu mah sareng wargi sapartij pisan. Reboe laksa kabingahan dji-sim koering Djoeragan kersa njerat kitoe, djadi hidji tawis jen Djoeragan teh mikatjinta ka Pasoendan ari batinna mah, sad- djan lahirna ka dji-sim koering oge, soe-

**„TJIN FEN”**

Kamasan pajoencun pakgade  
Tasikmalaja.  
Nampi roepi-roepi padamelan tina emas sareng perak, sapertos: ngadamel lelepen, tjoejoe konde, soeweng, pan- tih, rante erlodji enz.  
Padamelan ditanggul sae tjepet, ong- kos mirah, noe mawi disoehoek-keun ka sadaja para djoeragan sobat-sobat moegi kersa njobian ngadamel tangtos bakal kenging kabagaban  
Hormatna  
**TJIN FEN.**

**TOKO en DRUKKERIJ**  
Pasoendan Tasikmalaja.

Nampi sauis kanteun padamelan, ngi- tjal wawatjan anoe pareuting anoe marodel, sapertos:  
Batara Rama, kenging disebat pe- saka oerang dina dangding basa sa- reng tjariosna, karangan R. Angga- brata Bawdjangga Soenda . . . f 0,65  
Ardjoenawidjaja, penteng eu-sina, basana, margaloejoena . . . f 1.—  
Atoeran hal ouwettige Occupatie (tanah mentah teu sjah) . . . f 0,25  
Pangadjaran Agama Islam (panga- toeranana) . . . f 0,35  
Wed perhoeroean . . . f 0,60  
Sadjarah Kangdjeng Nabi Moeha- mad . . . f 0,50  
Wawatjan Batara Rama II pangaos f 0,50.  
Nampi roepa-roepi tjitakan.  
Wawatjan Wasiat Rama moeng f 0,10 perloe kanggo persen moerangkali.  
di Toko Pasoendan  
TASIKMALAJA.

Patoc  
Tjiamis.  
**Dr. TAN T**  
wa wel  
Tjat  
AR  
benda  
Di Kebondjoek Zuid Ba  
kerabaj  
Dj. Dr. Sale  
Ngalandongan sagala roepi p  
ENT  
Waktos li  
Endjing-endji  
m  
Sonten

**NEMBE**  
Kanto  
Zak Almenak taon 1926 anoe  
koe „Galoenggoeng Drukkerij” Tas  
35  
Eusina iwal anoe parantos d  
kapeungkoer, diwoewoehan, deui ko  
saperloena sareng elid elidna sawe  
Pesonan anoe tebih tiasa dikinto  
saeutikna 5 djilid.  
Oepami peson langkoeng ti 10 d  
re  
ng  
„Ga  
Er

Eere diploma ti Groot Tentoonstel-  
ling Tasikmalaja. 1925  
**Koek - en Banketbakkerij**  
Fabriek  
**RADEN NATAMIHARD**  
Stationsweg 15/17 Tasiki  
Sadjati ti sajagi koeweh-koeweh  
teh disajagikeun tempat ngaleueut  
noe sampoerna.  
Sareng tiasa ngitjal kaperlo  
nana koeweh, sapertos: boemb  
klosirna sareng kembangna oge, pauga  
os kenging badanten.  
Tiasa mangdamelkeun ijs poe-  
ter noe sajakosna, dina 1 Liter tim-  
bangan pangaos f 2,50 doegi ka f 5—  
ditanggul sae.  
Noe ngantos  
17 **Raden Natamihardja.**  
Stationsweg 15/17 Tasikmalaja

Djoeragan? sareng saderek? oah  
kabelekan, moal aja noe bieu  
enja henteu oeninga, k  
Tasikmalaja. Pilari bae di  
No. 1 Los letter B. di dinja njimp  
GENDONG (bangkalan) an  
kasohor kamirahanana sare  
barangna mangga soemping  
ten oge beka di adjeng  
Hoematna  
50 **Mh. SATIBI**

**Perloe Oeninga**  
Mangga aot mangga tjobian  
boektikeun salamina nampi roepi-roepi  
padamelan panganggo pameget atan  
anggoan Maroerangkali noe didamel  
na ditanggul sae sareng raph, oge kan  
tenan disajagikeun lawonna roepi-roepi  
sareng nampi kengkenan ngadand  
roepi roepi bangsa erlodji kalajan dis  
gikeun saporatona.  
Diantos pisan kersa njobian  
enggal peson Ongkoesna (Pant  
tanggul mirah.  
Hoematna po  
**SASMIT**  
Kleermakerij en Horlogemakesh.  
merk  
„Malah Mandar”  
Stationsweg 21  
TASIKMALAJA.

**Goeroe kaloearan ti**  
**Hoogere Kweekschool.**  
Diliri hidji goeroe kaloearan  
gere Kweekschool kanggean andjenn  
dibenoem kana KAPAL  
Neutrals Hollandsch-lolan  
di Medan (Sumatra's Oerentah darat sareng  
Gadjih noemoekeun di djar njeng  
veroement sareng di  
saeutik f 50.— saasah  
Serat-serat lamaran  
Bestuur Sche  
koe loerah, djoerotoelis, amil